

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab téh dipedar ngeunaan désain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan nu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.


Métode panalungtikan minangka cara sangkan panalungtik bisa ngahontal kana tujuan panalungtikanana. Nurutkeun Maryaeni (2012, kc. 58) métode panalungtikan nyaéta cara nu dipaké panalungtik dina nyangkem pamahaman anu luyu jeung tujuan panalungtikanana. Arikunto (2013, kc. 3) nétélakeun yén métode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal nu geus disebutkeun, nu hasilna didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 3). Métode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun kumaha asal-usul, prak-prakan, ajén budaya dina upacara adat merlawu, sarta bahan pangajaran maca ngeunaan ajén budaya dina upacara adat merlawu pikeun siswa kelas XI SMA.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan nyaéta rencana nu nuduhkeun gambaran utama tina hiji hal anu rék dilakukeun (Arikunto, 2013, kc. 175). Leuwih lengkepna, désain panalungtikan dina bagan di handap ieu.

### Bagan 3.1 Désain Panalungtikan



## 3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Merry Cristrianti, 2018

AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Desa Wanasigra, salasahiji désa nu aya di Kecamatan Sindangkasih Kabupaten Ciamis. Legana Desa Wanasigra nyaéta 183.186 Ha. Sacara adminitratif Desa Wanasigra dibagi jadi 5 dusun, nyaéta Dusun Cimamut, Dusun Wanasigra, Dusun Cipeucang, Dusun Margasari, jeung Dusun Sukasari.

Sacara géografis, Desa Wanasigra aya di antara  $108^{\circ} 20'$  nepi  $108^{\circ} 40'$  Bujur Timur jeung  $7^{\circ} 40' 20''$  nepi  $7^{\circ} 41' 20''$  Lintang Selatan, kalayan wates wilayahna:

- beulah kalér : Desa Margaluyu Kecamatan Cikoneng
- beulah kidul : Kecamatan Purbaratu Kota Tasikmalaya
- beulah kulon : Desa Sindangkasih Kecamatan Sindangkasih
- beulah wétan : Desa Cikoneng Kecamatan Cikoneng

### 3.2.1.1 kondisi Sosial

#### 1) Penduduk

Jumlah penduduk Desa Wanasigra nepi ka taun 2016 nyaéta 3.431, nu diwengku 1.757 lalaki jeung 1.674 awéwé sarta kepala keluarga 1.012 kuren. Leuwih jéntréna bisa katitén dina data di handap ieu.

Tabél. 3.1

Kaayaan Penduduk Desa Wanasigra nurutkeun

No	Wanda Baga	Lalaki	Awéwé	Jumlah
1	Lalaki	1.757	-	1.757
2	Awéwé	-	1.674	1.674
Jumlah		1.757	1.674	3.431
Kuren				1.012

Wanda Baga Taun 2016

#### 2) Pendidikan

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Di Desa Wanasigra aya lembaga pendidikan formal saperti: PAUD, TK, SD, SMP, jeung Madrasah Diniyah. Tingkat pendidikan masarakat Desa Wanasigra mayoritas tamatan SD nu jumlahna aya 1.513 urang, sésana nu teu tamat SD aya 74 urang, nu tamat SMP aya 450 urang, nu tamat SMA aya 411 urang, nu tamat Diploma aya 14 urang, nu tamat Sarjana aya 20 urang, jeung nu tamat Strata II aya 4 urang. Lewih jéntréna aya di handap.

Tabél 3.2  
Kaayaan Penduduk Desa Wanasigra nurutkeun  
Tingkat Pendidikan Taun 2016

No	Tingkat Pendidikan	Jumlah (urang)
1	Tidak Tamat SD	274
2	SD	1.513
3	SLTP	450
4	SLTA	411
5	Diploma	14
6	Sarjana	20
8	Strata II	4
Jumlah		2.686

No	Tingkatan Sakola	Jumlah
1	SLTA/Sederajat	-
2	SLTP Sederajat	1
3	SD/Sederajat	2
4	Taman Kanak-kanak	1
5	Pendidikan Usia Dini	1
6	Lembaga Pendidikan Kursus	-
7	Lembaga Pendidikan Keagamaan (MD)	4

Tabél 3.3

Kaayaan Lembaga Pendidikan  
di Desa Wanasigra Taun 2016

Tabel 3.4

Kaayaan Wajib Belajar 9 Tahun  
di Desa Wanasigra Taun 2016

No	Pedaran	Jumlah
----	---------	--------

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1	Umur 7–15 taun	436
2	Umur 7–15 taun masih sakola	429
3	Umur 7–15 taun teu pungkas sekolah	7

### 3) Pakasaban

Pakasaban masarakat di Desa Wanasigra ngawengku sababaraha widang pagawéan, tapi lolobana jadi patani. Ieu hal alatan kaayaan wilayah Kampung Cipeucang téh mangrupa kebon jeung sawah. Malah mah leuwih lega pasawahan batan wilayah padumukan masarakat mah. Sumber daya alam nu aya di ieu wilayah téh dimangpaatkeun tur dijadikeun lahan pikeun melak tutuwuhan saperti paré, jagong, bawang daun, boléd, céngék, sampeu, sosin, jsb. Lian ti éta, aya ogé masarakat nu miboga pagawéan salaku patani, buruh tani, PNS, TNI/POLRI, pensiunan, patukangan, widang jasa, aparatur pamaréntahan désa, pagawé swasta, industri, dagang, jeung buruh teu matuh. Tapi liat ti kitu, aya ogé masarakat Desa Wanasigra nu pangangguran atawa can meunang pagawéan. Leuwih jéntréna dina tabél di handap.

**Tabél 3.5**

Kaayaan Masarakat Desa Wanasigra  
nurutkeun Pakasaban dina Taun 2016

No	Pakasaban	Jumlah (urang)
1	Tani	343
2	Buruh Tani	215
3	PNS	34
4	TNI/POLRI	1
5	Pangsiunan	23

Merry Cristrianti, 2018

AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

6	Patukangan	38
7	Widang Jasa	52
8	Perangkat Desa	11
9	Pagawé Swasta	42
10	Industri	35
11	Dagang	53
12	Buruh teu Matuh	213

Tabél. 3.6

Kaayaan Masarakat Desa Wanasigra  
nu Pengangguran dina Taun 2016

No	<i>Ketenagakerjaan</i>	Jumlah
1	Umur Digawé	1761
2	Nu Néangan Pagawéan	151
3	Panganggur/ Matuh teu Gawé	62
4	Satengah Pangangguran	364

#### 4) Agama jeung Kapercayaan

Masarakat di Kampung Cipeucang nu jumlahna 3.431 urang téh ngagem agama Islam. Ieu hal katitén tina data démografis ngeunaan lahan désa nu dipaké

Merry Cristrianti, 2018

AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pikeun ngawangun masjid di Desa Wanasigra nyaéta 0,317Ha tina sakabéhna lahan désa. Dina ngalaksanakeun kagiatan ibadahna, masarakat Cipeucang dirojong ku sababaraha fasilitas tempat ibadah, nyaéta aya sababaraha masjid nu ngadeg di wewengkon Wanasigra. Salian ti éta, di Kampung Cipeucang ogé aya 4 lembaga pendidikan kaagamaan nu dipaké ku masarakat pikeun atikan barudakna.

Tabél 3.7  
Kaayaan Lahan  
di Desa Wanasigra dina Taun 2016

No	Lahan	Legana	Prosentase
1	Pakarangan dan wangunan	20.214	11,03 %
2	Sawah	91.045	49.70 %
3	Balong	11.000	6.00 %
4	Kebon	55.360	30.23%
5	Lapang olah raga	0.745	0.42 %
6	Pajaratan	2.400	1.32%
7	Sarana Ibadah/Mesjid	0.317	0.14%

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



8	Sarana Atikan	0.436	0.24%
9	Sarana Kasehatan	0.029	0.02%
10	Kabuyutan Gandoang	1.640	0.90%
Jumlah		183.186	

### 5) Basa

Basa nu digunakeun ku masarakat Kampung Cipeucang téh nyaéta basa Sunda. Sanajan aya sababaraha masarakat nu lain urang Sunda, tapi dina komunikasi sapopoéna masih ngagunakeun basa Sunda saluyu jeung kaayaan Kampung Cipeucang. Tapi, nalika acara-acara resmi biasana sok maké basa Indonesia ogé.

### 6) Sistem Kekerabatan

Dina kahirupan sapopoéna, masarakat Kampung Cipeucang téh masih nyekel pageuh kana tradisi gotong royong. Éta hal katitén nalika masarakat aya nu keur hajat, aya nu gering atawa kamusibahan sok silih bantuan. Lian ti éta, saupama aya masarakat nu kurang mampu sok dibantuan, boh mangrupa waragad boh mangrupa sandang jeung pangan. Masarakat Kampung Cipeucang hirup dina kabiasaan nu silihbagi jeung silihbantu. Nu aya loba babagi, nu kurang kabagi.

Kagiatan gotong royong séjénna nu dilaksanakeun di Kampung Cipeucang téh nyaéta saperti dina meresihan Kabuyutan Gandoang. Saban isuk-isuk sababaraha urang masarakat ngabring ka kabuyutan marawa sapu jeung parang. Di kabuyutan éta masarakat téh meresihan bagéan hareup kabuyutan saperti nyapukeun dangdaunan, ngoréd jukutna, miara pepelakanana ogé. Aya ogé nu sok mekel kadaharan pikeun ditunda di kebon awi jang hakaneun sato saperti monyét.

Tuluy, laju ka beurangnakeun, aya sababaraha warga nu daratang marawa kadaharan pikeun didahar babarengan di saung sapu, saung nu aya di hareupeun kabuyutan. Éta kadaharan téh ti warga sacara ihlas pikeun nyuguhan nu keur bebersih di kabuyutan. Lian ti éta, kagiatan gawé bareng séjénna nyaéta dina ngajaga kaamanan kampung, masarakat sok ngayakeun ronda, unggal peuting

giliran jaga jeung warga nu séjénna. Tuluy nalika aya gawé bareng saperti meresihan jalan, ngabenerkeun jalan, meresihan sasak, atawa masjid, masarakat ogé sok gotong royong mantuan saihlasna. Mantuanna mah bisa mangrupa tanaga, waragad, atawa kadaharan, gumantung ka pribadi séwang-séwangan. Tapi memang lolobana mah nu mantuan ku tanaga. Sarta masih loba kénéh kagiatan gawé barengséjénna anu sok dilaksanakeun ku masarakat kampung Cipeucang.

## 7) Sistem Organisasi Sosial

Susunan organisasi pamaréntahan Desa Wanasigra nyoko kana Peraturan Daerah Kabupaten Ciamis Nomor 8 Tahun 2007 ngeunaan Pedoman Penyusunan Organisasi dan Tata Kerja Pemerintah Desa, nyaéta Kepala Desa jeung Perangkat Desa nu aya tina Sekertaris Desa, Kepala Urusan, Kepala Seksi jeung Unsur Wilayah. Anapon éta struktur organisasi pamaréntahan Desa Wanasigra sakumaha nu didadarkeun dihandap ieu.

- Kepala Desa
- Sekréтары Desa
- Kepala Urusan Umum
- Kepala Urusan Keuangan
- Kepala Seksi Pemerintahan Keamanan dan Ketertiban
- Kepala Seksi Kesejahteraan dan Pemberdayaan Masyarakat
- Kepala Seksi Ekonomi dan Pembangunan
- Kepala Dusun Desa Cimamut
- Kepala Dusun Desa Wanasigra
- Kepala Dusun Cipeucang
- Kepala Dusun Margasari
- Kepala Dusun Sukasari

Bagan 3.2  
 SUSUNAN ORGANISASI PAMERINTAH DESA  
 DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH



### 3.2.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nyaéta subjék data nu rék ditalungtik (Arikunto, 2013, kc. 172). Dina ngumpulkeun jeung nganalisis data hasil panalungtikan, tangtu kudu nangtukeun sumber nu rék dipaluruh luyu jeung tujuan panalungtikanana. Sumber data nyaéta jalma atawa barang nu aya patalina jeung obyék panalungtikan, tempat dilaksanakeun panalungtikan, jeung dokumén.

- 1) Jalma, nyaéta sumber data panalungtikan nu méré datana ngaliwatan lisan ku cara wawancara atawa tulisan ku cara ngeusian angkét. Di handap ieu nu ditataan jalma nu jadi sumber dina ieu panalungtikan.

**Merry Cristrianti, 2018**

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.8  
Data Informan Panalungtikan

No.	Wasta Informan	Data Informan
1.	Lili Suherli	Ping gumelar : Ciamis, 30 September 1979 Wanda baga : Lalaki Pakasaban : Patani (salaku kuncén) Padumukan : Kampung Cipeucang
2.	Nono Darsono	Ping gumelar : Ciamis, 01 Juni 1992 Wanda baga : Lalaki Pakasaban : Lurah Kampung Cimamut Padumukan : Kampung Cimamut
3.	Yudi Wahyudi	Ping gumelar : Ciamis, 26 Januari 1980 Wanda baga : Lalaki Pakasaban : Pamong Desa Wanasigra Padumukan : Kampung Cimamut
4.	Pandu Radea	Ping gumelar : Ciamis, 25 Mei 1972 Wanda baga : Lalaki Pakasaban : Budayawan Padumukan : Desa Panjalu
5.	Ramlan S.	Ping gumelar : Ciamis, 19 Februari 1953 Wanda baga : Lalaki Pakasaban : Kokolot Kampung Padumukan : Kampung Cimamut
6.	Adang	Ping gumelar : Ciamis, - Wanda baga : Lalaki Pakasaban : Kuncén Gunung Susuru Padumukan : Kertabumi, Cijeungjing

- 2) Tempat dilaksanakeun panalungtikan nyaéta, di Kampung Cipeucang Desa Wanasigra Kecamatan Sindangkasih Kabupaten Ciamis.
- 3) Dokumén, nyaéta arsip ti Desa Wanasigra.

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa babagéan penting dina kagiatan panalungtikan. Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMIS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan nyaéta téhnik wawancara, téhnik catétan lapangan, téhnik dokuméntasi, jeung téhnik studi pustaka.

### 1) **Téhnik Wawancara**

Téhnik wawancara nyaéta téhnik nu dipaké pikeun nyangking informasi ku cara ngajukeun pertanyaan sacara lisan nu tuluy dijawab langsung sacara lisan ogé (Margono, 2004, kc. 165). Ciri téhnik wawancara nyaéta ku cara pahareup-hareup langsung antara nu neangan informasi jeung sumber informasi.

Nilik kana aspék pedomanna, wawancara kabagi jadi tilu, nyaéta wawancara nu geus disusun, bébas, jeung kombinasi. Wawancara nu geus disusun hartina nyaéta wawancara nu dilakukeun ku cara panalungtikan ngagunakeun pedoman wawancara nu geus disiapkeun ti anggalna. Wawancara bébas hartina wawancara nu dilakukeun nalika panalungtikan ku cara teu ngagunakeun pedoman wawancara, sedengkeun wawancara kombinasi hartina wawancara nu dilakukeun ku cara gabungan antara wawancara nu geus disiapkeun jeung wawancara bébas, sangkan meunangkeun data nu leuwih jero ti informan (Sukardi, 2015, kc. 80-81).

Wawancara dina ieu panalungtikan ngagunakeun wawancara kombinasi, sabab panalungtik nyiapkeun sababaraha instrumén pertanyaan ti anggalna jeung dideudeulan ku pertanyaan nu spontan sacara langsung. Éta hal dilakukeun sangkan wawancara dilakukeun sacara santéy jeung teu pati formal, ku kituna informan ngarasa teu kagok dina nyarita.

### 2) **Catetan Lapangan**

Catetan lapangan nyaéta catetan dtinulis ngeunaan nu didéngé, ditempo, dialaman, jeung dipikiran waktu ngumpulkeun data jeung réfléksi ngeunaan data tina panalungtikan kualitatif, nurutkeun Borgan jeung Bilken (dina Moleong, 2007, kc. 209). Catetan lapangan dijieun nalika wawancara atawa ilubiung dina prak-prakanana upacara adat merlawu. Panalungtik nuliskeun sagala hal ngeunaan

data panalungtikan nu dianggap penting jeung pikeun ngadeudeul kana dijieunna laporan panalungtikan.

### 3) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nyaéta téhnik pikeun ngumpulkeun data nu cara nalungtik data nu mangrupa gambar atawa sabangsa data éléktronik. Éta data dipaké pikeun ngadeudeul hasil panalungtikan anu leuwih réalistis. Téhnik dokuméntasi mangrupa wangun arsip, gambar (*visual*), rékaman sora (*audio*), jeung rékaman vidio (*audio visual*) nu bisa ngadeudeul kana panalungtikan.

Objék pikeun téhnik dokuméntasi dina ieu panalungtikan nyaéta hal-hal nu aya patalina jeung upacara adat merlawu, bisa mangrupa tulisan atawa non-tulisan. Objék dokuméntasina nyaéta kumaha jeung naon waé nu ditataharkeun saacan dilaksanakeunana upacara adat merlawu. Barang jeung kagiatan naon waé nu kudu aya pikeun tataharna upacara adat merlawu. Tuluy potrét kagiatan dilaksanakeunana upacara adat merlawu ti mimiti prung nepi ka pungkasna, jeung potrét kagiatan sabada dilaksanakeunana upacara adat merlawu nu mangrupa foto atawa gambar, rékaman sora jeung vidio.

### 4) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka nyaéta téhnik nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun bahan tulisan pikeun nangtukeun dasar-dasar téori nu aya patalina jeung panalungtikan. Téhnik studi pustaka ieu ngagunakeun sumber-sumber saperti buku nu medar kajian téori nu saluyu jeung panalungtikan, karya-karya ilmiah dina wangun skripsi nu medar kabudayaan, hususna upacara adat jeung ajén budaya. Téhnik studi pustaka dilaksanakeun di Perpustakaan Daerah, Perpustakaan Universitas Pendidikan Indonesia, jeung Perpustakaan Departemen Pendidikan Bahasa Daerah.

#### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Data-data nu geus kakumpul tina panalungtikan tuluy diketik. Sabada diketik, diolah dumasar kana téhnik nu geus dipedar di luhur, saperti:

Merry Cristrianti, 2018

AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) niténan data panalungtikan nu geus kakumpul;
- 2) milah jeung milih data ngeunaan asal-usul upacara adat merlawu, kumaha tatahar prak-prakan jeung sabada upacara adat merlawu, ajén budaya nu nyangkaruk dina éta upacara adat, jeung matalikeun upacara adat merlawu kana bahan pangajaran;
- 3) ngadéskripsikeun data nu patali jeung asal-usul upacara adat merlawu, kumaha tatahar prak-prakan jeung sabada upacara adat merlawu, ajén budaya nu nyangkaruk dina upacara adat merlawu, jeung ngalarapkeun upacara adat merlawu kana bahan pangajaran maca bahasan budaya;
- 4) nyieun kacindekan tina hasil data nu dipaluruh.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat nu dipaké nu panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data pikeun mantuan panalungtik sangkan leuwih babari jeung meunang hasil nu leuwih hadé. Data nu dikumpulkeun bakal leuwih sitematis jeung babari nalika diolahna. Rupa-rupa instrumén panalungtikan nyaéta angkét, céklis (*check list*), pedoman wawancara, jeung pedoman panalungtikan. Anu dipaké dina ngumpulkeun data nalika panalungtikan nyaéta pedoman wawancara, alat rékam, jeung kaméra.

#### 1) Pedoman wawancara

Pedoman wawancara nyaéta alat nu dipaké panalungtik nalika wawancara jeung narasumber, anu eusina ngeunaan biodata informan jeung daftar pertanyaan. Pedoman nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

#### Instrumén I:

Data Informan	:
Wasta	:
Yuswa	:
Wanda baga	:
Pakasaban	:
Padumukan	:
Waktu Wawancara	:



**Instrumén II:**

Sajarah	Asal-usul	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Naon jeung kumaha upacara adat merlawu?</li> <li>2. Ti iraha dilaksanakeunana upacara adat merlawu?</li> <li>3. Saha nu mimiti ngalaksanakeun upacara adat merlawu?</li> <li>4. Naon kasangtukung diayakeunana upacara adat merlawu?</li> <li>5. Di wewengkon mana waé dilaksanakeun upacara adat merlawu téh? Naha sarua atawa aya bédana?</li> </ol>
	Kamekaran	<ol style="list-style-type: none"> <li>6. Ti mimiti dilaksanakeunana upacara adat merlawu baheula, naha aya parobahan jeung upacara adat merlawu nu dilaksanakeun ayeuna?</li> <li>7. Lamun aya parobahanana, ku sabab naon ayana éta parobahan téh?</li> <li>8. Bangbaluh naon waé nu karandapan nalika dilaksanakeunana upacara adat merlawu?</li> <li>9. Kumaha réspon masarakat kana</li> </ol>

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		dilaksanakeunana upacara adat merlawu?
	Tatahar	10. Naon waé nu dilakukeun ku masarakat saacan dilaksanakeunana upacara adat merlawu?
	Alat jeung Bahan	11. Barang naon waé nu aya atawa dipaké dina dilaksanakeun upacara adat merlawu? 12. Naha aya kadaharan husus dina prak-prakan upacara adat merlawu? 13. Pusaka naon waé nu diberesihan nalika prosési upacara adat merlawu? 14. Naha aya raksukan husus pikeun nu ilubiung dina upacara adat merlawu?
	Palaku	15. Saha waé nu ilubiung nalika dilaksanakeunana upacara adat melawu? 16. Saha waé nu ngalaksanakeun upacara adat merlawu? Awéwé, kolot, atawa barudak? 17. Saha nu mingpin upacara adat merlawu? 18. Pihak mana waé nu ilubiung dina dilaksanakeunana upacara adat merlawu?

Tempat	<p>19. Dimana dilaksanakeun upacara adat merlawu?</p> <p>20. Dimana dilaksanakeunana acara ngabereshan pusaka?</p>
Waktu	<p>21. Dina waktu naon dilaksanakeunana upacara adat merlawu? Aya waktu nu tangtu atawa bisa iraha waé?</p> <p>22. Sabaraha lila upacara adat merlawu dilaksanakeun?</p>
Prak-prakan	<p>23. Kumaha prak-prakan upacara adat merlawu?</p> <p>24. Aya sabaraha kagiatan dina prosési upacara adat merlawu?</p> <p>25. Naon fungsi upacara adat merlawu?</p> <p>26. Naha aya pantrangan atawa hal nu wajib dina dilaksanakeunana upacara adat merlawu? Saperti raksukan atawa séjénna?</p> <p>27. Kumaha waé runtuyan acara dilaksanakeunana upacara adat merlawu?</p> <p>28. Kumaha prosési meresihan pusaka dina runtuyan upacara adat merlawu?</p> <p>29. Naha dipercaya bakal aya mamala atawa matakna lamun upacara adat merlawu teu dilaksanakeun? Atawa salasahiji</p>

Merry Cristrianti, 2018

*AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	sarat tina upacara adat merlawu aya nu teu cumpon?
Sabada Upacara Adat	30. Naha aya acara husus nu dilaksanakeun sabada dilaksanakeunana upacara adat merlawu?
Ajén-inajén	31. Ajén-inajén naon waé nu ditepikeun dina éta upacara adat merlawu?
Ngamumulé	32. Kumaha prosés pewarisan jadi kuncén di dieu? 33. Tarékah naon nu dilakukeun sangkan upacara adat merlawu téh ngirut ka generasi ngora kiwari?

## 2) Alat rékam

Alat rékam digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data nalika wawancara jeung informan atawa rékaman dilaksanakeunana upacara adat merlawu ti mimiti tatahar, prak-prakan, nepi ka pungkas acarana. Ieu hal dilakukeun sangkan bisa nyangking data nu akurat jeung réalistik. Alat nu dipaké pikeun ngarékan nyaéta *handphone* atawa telepon keupeul jeung kaméra vidio.

## 3) Kaméra foto

Kaméra foto digunakeun nalika panalungtikan pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal penting nu aya patalina jeung panalungtikan, saperti hal-hal nu dilakukeun nalika tatahar pikeun dilaksanakeunana upacara adat merlawu, nalika prak-prakanan nepi ka pungkas acarana atawa sabada upacara adat merlawu.

## 3.5 Analisis Data

Merry Cristrianti, 2018

AJÉN BUDAYA DINA UPACARA ADAT MERLAWU DI DESA WANASIGRA KECAMATAN SINDANGKASIH  
KABUPATEN CIAMISPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina bagéan nganalisis data atawa ngolah data hasil panalungtikan téh diperlukeun katalitian. Sabab nalika panalungtik teu taliti tangtu hasil analisis datana teu objéktif jeung saluyu kana kaayaan sabenerna. Panalungtik kudu objéktif kana sagala hal atawa data nu dicangking, ulah ngamanipulasi data pikeun sagalarupa tujuan nu tangtu.

Gurat badag analisis data panalungtikan kabagi jadi tilu, nyaéta tatahar, tabulasi, jeung ngalarapkeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 278).

- 1) Tatahar, dina kagiatan tatahar téh aya tilu hal nu kudu dilakukeun, nyaéta.
  - (1) mariksa ngaran jeung kalengkepan idéntitas informan. Ieu hal kudu dilakukeun sacara bener-bener sangkan valid;
  - (2) mariksa kalengkepan data panalungtikan, saperti mariksa eusi instrumén sangkan nalika aya data nu kurang bisa gancang katitén jeung dilengkepan;
  - (3) mariksa sagala rupa data nu kacangking ku panalungtik, sangkan nalika aya data nu teu luyu jeung harepan panalungtik bisa ditambahan deui.
- 2) Tabulasi, mangrupa kagiatan prosés ngahiji atawa ngalaporkeun sakabéh data nu geus kacangking dina proses panalungtikan. Data nu dicangking tina hasil studi pustaka, catetan lapangan, wawancara, jeung studi dokuméntasi. Léngkah-léngkah tabulasi nyaéta:
  - (1) ngumpulkeun kabéh data nu kacangking tina hasil studi pustaka, catetan lapangan, wawancara jeung studi dokuméntasi;
  - (2) pilah data nu kakumpul dumasar kana gundukanana atawa kelompokna;
  - (3) saluyukeun data jeung téhnik analisis nu rék dipaké.
- 3) Ngalarapkeun data luyu jeung pamarekan. Sabada ngalaksanakeun panalungtikan, data-data nu geus kacangking tuluy diolah ngagunakeun rumus-rumus jeung aturan nu saluyu kana pamarekan panalungtikan. Ku sabab ieu panalungtikan ngeunaan budaya, ku kituna data hasil panalungtikan diolah saluyu jeung pamarekan budaya nu dipaluruh ngeunaan : (1) asal-usul upacara adat merlawu, (2) tatahar, prak-prakan nepi ka pungkasna acara upacara adat

merlawu, (3) ajén budaya nu nyangkaruk dina upacara adat merlawu, (4) ngalarapkeun kana bahan ajar.